



MKOBA TEACHERS COLLEGE



CLIENT SERVICE CHARTER

Education to the people



NHANGANYAYA

Gwaro reMabasa neVashandisi veMkoba Teachers College iri rinopa pfupiso yekuzvipira kwekoreji kuvashandisi vayo kuburikidza nekupa kusingagumi kwemabasa emhando yepamusoro kuvanhu vese. Kugamuchirwa kwegwaro iri chiratidzo chekuzvipira kwekoreji pakupa mabasa anoshamisa nenzira inobudirira kuvadzidzi vedu nevanhu vese vane chekuita nekoreji, zvichifambirana nechiratidzo chacho uye kutevedzera mitemo nezviratidzo zvakakodzera. Rinobudisa pachena kuzvipira kwedu kudzidzo yemhando yepamusoro, kusimudzira kutendeseka mune zvedzidzo, nekuona kuti vadzidzi vedu vanowana rutsigiro nezviwanikwa zvavanoda kuti vabudirire. Sekoreji, tinokoshesa kuvimbika kwakaiswa matiri nevashandisi vedu, uye takazvipira kuchengetedza matanho epamusoro-soro ehunyanzvi, pachena, nekuzvidavirira. Tinokushuvirai kuverenga gwaro iri kuti muzive zvakawanda nezvekuzvipira kwedu pakubudirira mune zvedzidzo yevana vadiki, yepuraimari, neyesecondari.

Koreji inoziva kuti mumativi ose emashandiro, mune mukana wekuvandudza. Vashandi vedu vakazvipira kuzadzisa zvisungo zvakanyorwa mugwaro iri. Ticharamba tichishanda takanangana nekuvandudza mwero yemashandiro uye tinogamuchira maonero nemazano zvinobva kwamuri.

Gwaro iri nderezvinangwa zveruzhinji chete uye harisi gwaro rinosungirwa nemutemo. Rinogona kuwanikwa pachaunga padandemutande rinoti www.mkobatc.ac.zw.

MOTTO

DZIDZO KUVANHU

Muono

Kupa hunyanzvi hwakakwenenzverwa uye hune midzi nenzvenzvero kuruzivo rweVobwo kuvadzidzi vedanho yedzidzo yevana vadiki, vadzidzi vepuraimari nevesekondari zvakasendama pamuono wekusvika mugore ra2030

Donzvo


Kupa dzidzo yemhando yepamusoro kuvadzidzi vanozova nyanzvi mukudzidzisa nekuvandudza magariro nehupfumi kubudikidza neruzivo rwesainzi netekinoroji hwakazendamira kunhaka yedzidzo 5.0

Nheyo dzeTsika dzakakosha

- Manyukira –kukwanisa kubuda nenzira itsva dzekugadzirisa matambudziko
- Hunhu hwakanaka – kutendeseka nokururama
- Kutsungirira –kushingirira kuita nekubuda nebudiriro kunyange paine zvibingamupinyi
- Rudo rweNyika - kuzvipira kutsigira nyika zvakasimba
- Kubudirira mukuita basa –kushandisa zviwanikwa nemazvo mukugadzira zvinhu nekupa mabasa
- Kuvandudza zvinhu nemaitiro nenzira itsva – kuva nehunyanzvi hwekugadzira pfungwa itsva mukupa mabasa uye kugadzira nharaunda yakanaka inokurudzira kugadzirwa kwezvinhu nekupiwa kwemabasa

- Kubatanidza vose – kubatanidza munhu wose kunyanya avo vari kusiiwa kana kushaiswa mukana, uye kuvabata zvakaenzana, zvakanaka uye neruremekedzo.
- Kushanda pamwe chete – kushanda pamwe chete kweboka kuti rizadzise chinangwa chakafanana.
- Bazi rezvigadzirwa – tsika yekushanda nesimba nekushingirira.

MAMIRIRO EHUTUNGAMIRIRI



Mabasa makuru

- Kudzidzisa makosi muzvidzidzo zvakasiyana - siyana
- Kuona kuti vadzidzi vari kudzidza zvakanaka
- Kupa mazano kuvadzidzi nevadzidzisi
- Kugadzira kwezvekushandisa
- Kupa zviwanikwa
- Kuvaka nekusimbisa kudyidzana pamwe chete nenharaunda nemaindasitiri
- Kuronga nekufambisa mabasa nezviitiko zvevadzidzi
- Kuvaka nekuchengetedza zvivakwa
- Kugadzira nharaunda inokurudzira uye inoita kuti kudzidza kuve nyore
- Kupa dzidziso yevachiri kugadzirira kutanga basa pamwe neye vari pabasa
- Kuita tsvakurudzo nekuvandudza zvinhu nenzira itsva
- Kusimudzira nokuvamba maindasitiri emuno anoshandisa zviwanikwa neunyanzvi hwenyika
- Kupa mhinduro dzezvinetso kubudikidza nekushandisa tekinoroji

MAPAZI NEMABASA AWO

	BAZI	MABASA
1	Rinoona nevashandi	• Kutsvaka nekusarudza vashandi • Kudzidzisa nekusimudzira unyanzvi hwevashandi • Nyaya dzeutano nekuchengetedzeka • Kuona nezvekubhandharwa kwevashandi • Kutarisa nekuongorora basa revashandi • Kugadzira nekutumira mishumo inodiwa • Kuona kuti vashandi nevadzidzi vanotevedza mitemo yakatarwa • Mafambisirwo emvumo dzekusava pabasa kwevashandi
2	Bazi rinoona nezvekutengwa kwezvinhu.	• Kuronga kwekutengwa kwezvinhu nemabasa zvichienerana nemutemo weKutengwa Kwezvinhu Nemabasa Nekuraswa Kwezvinhu Zvehurumende • Kutarisa mafambisirwo ekutengwa kwezvinhu nemabasa • Kugadzirira nekutumira mishumo inodiwa • Kugamuchira mishumo yeongororo • Kugadzirira magwaro ezvibvumirano uye kuaendesha kumukuru anoona nezvemari kuti atore matanho anodiwa
3	ReUtari	• Kutarisa uye mafambisirwo edura rezvinhu

		• Kugadziridza nekuchengetedza zvivakwa • Kuona nezvezvifambaiso • Kubvisa midziyo isisiri kushandiswa • Kuona nezvechengetedzo yenharaunda yekoreji nezvose zviri mairi • Kutarisa nezvekutsvinda kwenharaunda yekoreji • Kurisa mapurojekiti • Kuona nezvekugadzirwa kwezekudya • Kutarisa zvekuchengetedzeka kwezvinhu • Kuona nezvemarekodhi evadzidzi • Kutarisa nezvemafuta ekufambisa • Kugadzira nekutumira mishumo • Kugamuchira nekubudisa zvinhu
4	Bazi rinoona nezvemashandisirwo emari	• Kuronga nezvemashandisirwo emari • Kugadzira magwaro ekubhadharisa • Kugadzira nekupa magwaro ekubhadhara • Kuona nezvemapurojekiti • Kuenzanisa nekuongorora marekodhi emari kuti aenderane • Kugadzirisa nekuita mari dzekubhadhara • Kuunganidza, kuronga nekuchengetedza marekodhi • Kugadzira zvinyorwa nemishumo yemari
5	Nyaya dzevadzidzi	• Nhungamiro nekuraiwa • Kuona nezvepekugara • Kufambiswa nekutungamirirwa kwemisangano • Kutungamirira zvirongwa zvevadzidzi • Kuona nevanombomira zvidzidzo nekuzodzoka kuzvidzidzo • Zvirongwa zvekugamuchira nekuzivisa vadzidzi vatsva zvinoitwa panzvimbo
6	Mapazi Ezvidzidzo Zvidzidzo zveVanhu neTsika Masvomhu neSainzi Hwaro hweunyanzvi hwebasa Dura remabhuku Dzidzo yeHunyanzvi hwemabasa Kuvandudzika kweBudiro yeVana Vadiki	• Kudzidzisa nekusimudzira unyanzvi hwevashandi • Kutungamira nekutarisa mabasa evadzidzi nevashandi • Kuongorora basa revadzidzi • Kugadzirwa kwezvinhu • Kuronga nekusimudzira unyanzvi hwevashandi • Kugadzira zvinhu nekupa mabasa • Kuronga nekubatanidza tsvakurudzo nemapurojekiti • Kudyidzana nemaindasitiri nevemabhizimusi • Kugadzira nekusimudzira mvumo yepamutemo yekuchengetedza zvigadzirwa nepfungwa itsva • Kuvaka chiratidzo chesangano kana chigadzirwa • Kushambadza nekusimudzira kwezvinhu nemabasa
14	Kutevera Mafambiro nekuOngorora zvabuda	• Kutevera mafambiro nekuongorora zvirongwa nemapurojekiti ose anoitwa pakoreji • Kutevera mafambisirwo eChirongwa chebudiro chekoreji • Kukurudzira matanho ekuderedza kana kudzivirira zvinokanganisa zvinogona kukonzerwa nenjodzi pamitemo nezvirongwa zviri kuitwa nekoreji • Kuongorora mishumo inobva kumapazi akasiyana - siyana ekoreji • Kupa mazano ehunyanzvi mukugadzirwa kwezvirongwa zvemapazi zvinoenderana uye zvakabatana

		• Kuita zvikamu zvekudzidzisa nekusimudzira hunyanzvi hwevashandi pamusoro pehurongwa hweKuongorora Nekutevera Mafambiro ezvirongwa mukoreji • Kugadzira zvirongwa zveKutevera Mafambiro neKuongorora zviitwa • Kuunganidza nekugadzira mishumo yegore negore yekoreji ine chekuita neKutevera Mafambiro neKuongorora
--	--	---

ZVISUNGO ZVEKUZVIPIRA KUITA BASA:

KUVADZIDZI

1. Kupa ruzivo rwakarurama nenguva pamusoro pezvirongwa, makosi nemabasa anopiwa.
2. Kupa ruzivo rwepamusoro-soro mukudzidzisa, kudzidza uye kuongorora vadzidzi
3. Kuona kuti vadzidzi vawana zvikwanisiro, zvivakwa nerubatsiro rwakakodzera
4. Kuvaka nekusimudzira nzvimbo yekudzidzira yakachengeteka inogamuchira munhu wese uye inotsigira vadzidzi vose pasina rusarura.
5. Kupindura mibvunzo nezvinonetsa mukati memaawa makumi maviri nemana

VANE CHEKUITA NEKOREJI

1. Kushanda pamwe chete nevane chekuita nekoreji mukusimudzira dzidzo uye budiriro yenharaunda
2. Kupa mikana yokubatanidza vanobatanidzwa pamwe nekuwana mhinduro nemazano avo
3. Kuona kuti pane kubuda pachena nekuzvidavirira mufambiswa kwemabasa nemabatsirirwo evanhu

MITEMO NEMASHANDIRO EMABASA

1. Ruremekedzo -Kubata vatengi vose neruremekedzo, chiremerera netsika dzakanaka
2. Hunyanzvi hwebasa - Kupa mazano atsvagurudzwa, nhungamiro nerubatsiro rwemhando yepamusoro
3. Kushanda nemazvo - Kupindura nenguva uye nekukasika mibvunzo nepfungwa dzevanhu.
4. Kubudirira - Kupa mabasa emhando yepamusoro anoenderana nezvinodiwa nevatengi
5. Kuzvidavirira

NZIRA DZEKUNZWA MAZANO NEPFUNGWA DZEVANHU

1. Ongororo dzinoitwa nguva nenguva nemapoka enhaurirano
2. Maitiro anobvumira vatengi kuti vasununguke kusangana nekutaura nevashandi nevatungamiriri

KUGAMUCHIRA NEKUGADZIRISA ZVICHEMO

1. Kuzivisa kugamuchirwa kwezvichemo mukati memaawa makumi maviri nemana
2. Kuferefeta nekugadzirisa zvichemo mukati memazuva mashanu ekushanda
3. Kupa mhinduro kuvanhu vakauya nezvichemo pamusoro pezvinenge zvabuda mukuferefeta.

Kana muine mibvunzo, zvinokunetsai kana zvamunoda kupa semhinduro ndapota musazeza kutibata pakero iyo :

Mkoba Teachers College
P.O BOX MK 20 Mkoba
Gweru

mkobatc@gmail.com